

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

#### A. Wangenan Operasional

Pikeun nyambungkeun persépsi nu maca jeung nu nalungtik, perlu dipedar définisi operasional nu patali jeung judul panalungtikan “Analisis Paguneman dina Barakatak *Manglé* edisi Juli – Agustus 2010 pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP”

##### 1. Paguneman

Paguneman atawa konversasi boga adegan jeung pola nu béda-béda luyu jeung komponén laku basa SPEAKING atawa UNGKARA. Paguneman dina enas-enasna mangrupa komunikasi basa nu sipatna timbal-balik (interaksional). Éta sababna, paguneman ngalibetkeun panyatur/panulis, pangregep/pamaca, jeung kontak ngaliwatan medium basa.

##### 2. Bahan Ajar

Bahan ajar mangrupa matéri nu terus mekar sacara dinamis saluyu jeung kamajuan tur tungtutan kamekaran masarakat. Bahan ajar nu dirima ku anak didik kudu mampuh ngaréspon sagala parobahan jeung kudu bisa ngaantisipasi sagala kamekaran nu bakal kajadian. Nu kaasup kana bahan/ matéri ajar pikeun ngahontal tujuan pangajaran nya éta (1) Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar, (2) indikator jeung tujuan, (3) matéri (téks paguneman), jeung (4) uraian bahan ajar.

### 3. Kapragmatisan

Pragmatik ngulik perkara kondisi umum komunikasi basa atawa ulikan perkara bagbagan makéna basa luyu jeung kontéks situasina. Pragmatik raket patalina jeung wacana. Wacana mangrupa wujud basa dina pamakéan atawa pragmatis. Ari kapragmatisan wacana téh ngawengku (1) déeiksis, (2) praduga, (3) implikatur konversasi, (4) adegan konversasi, jeung (5) laku basa.

#### B. Sumber Data

Sumber data pikeun ieu panalungtikan nya éta kabéh paguneman dina barakatak Manglé édisi Juli – Agustus 2010.

#### C. Méthode Panalungtikan

Méthode anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta déskriptif nu mangrupa méthode panalungtikan nu ngadéskripsikeun objék saluyu jeung kaayaan nu sabenerna. Panalungtikan déskriptif nya éta ngaeksplorasi atawa moto kaayaan sosial nu bakal ditalungtik sakebéhna, jero tur lega (Sugiyono, 2012: 289). Panalungtikan ieu ogé sok disebut nonéksperimén, lantaran teu aya kontrol atawa manipulasi variabel panalungtikan. Tujuan umum panalungtikan sacara déskriptif nya éta ngadéskripsikeun sacara sistematis, faktual, tur akurat ngeunaan objek nu ditalungtik. Dina ieu panalungtikan ngadéskripsikeun prosés nangtukeun jejer (topik) guneman dina téks Barakatak *Manglé*, mekarkeun guneman dina

Barakatak *Manglé* jeung kasaluyuan judul tina sumber data anu dipilih kalawan teu ngarobah atawa nambahan sumber data.

#### **D. Téhnik Panalungtikan**

Dina pedaran ieu bakal dibahas ngeunaan téhnik panalungtikan nu dibagi kana tilu bagian nya éta téhnik ngumpulkeun data, téhnik ngolah data jeung instrumén panalungtikan.

##### **a. Téhnik Ngumpulkeun Data**

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik studi dokumén jeung téhnik korpus data. Téhnik studi dokumén téks maluruh guneman dina rubrik Barakatak *Manglé*, sedengken téhnik korpus data biasana ngumpulkeun data nu bakal dianalisis, maca objék nu bakal ditalungtik dina sumber data, nganalisis objék dumasar téori nu jadi acuan.

##### **b. Téhnik Ngolah Data**

Data ieu panalungtikan téh mangrupa paguneman dina Barakatak dina *Manglé* édisi Juli – Agustus 2010.

Éta data téh diolah ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap:

- 1) Sanggeus data dikumpulkeun, nangtukeun topik omongan masing-masing judul.
- 2) Sanggeus ditangtukeun masing-masing topik omongan, tuluy dipasing-pasing dumasar kana (a) topik salancar, (b) topik jembar, jeung (c) topik sambung luncat.

- 3) Unggal paguneman dibéré kode dumasar nomer majalah jeung urutan pagunemanna.
- 4) Data nu geus pasing-pasing dumasar topik, dianalisis sacara paélmaan.
- 5) Data nu geus dikumpulkeun, ditabélkeun dumasar tatali judul.
- 6) Teu sakabéh data nu geus diolah di jadikeun bahan pangajaran basa Sunda di SMP. Ku kituna data bakal dipilih, disaluyukeun jeung kritéria milih jeung midangkeun bahan pangajaran nu saluyu jeung KTSP.

### c. Instrumén Panalungtikan

Instrumén diperlukeun pikeun meunangkeun data nu bisa ngajawab masalah dina panalungtikan jeung nguji hipotésis. Instrumén nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta mangrupa kartu data jeung tabél data.

**Gambar III.1**

**FORMAT KARTU DATA PAGUNEMAN DINA  
BARAKATAK MANGLÉ ÉDISI JULI – AGUSTUS 2010**

<b>Kode</b>	1.1
<b>Judul</b>	
<b>Eusi</b>	
<b>Topik</b>	

Keterangan : 1.1 = 1 (nu mimiti) = edisi majalah

1 (nu katilu) = urutan paguneman

**Tabél III.1**

**FORMAT TABÉL DATA TATALI TOPIK OMONGAN JEUNG JUDUL  
DINA BARAKATAK MANGLÉ ÉDISI JULI – AGUSTUS 2010**

No	Kode	Judul	Analisis	
			Topik	Mekarkeun Topik
1				
2				